

BAB III


MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Métode panalungtikan anu digunakeun nya éta Panalungtikan Tindakan Kelas (PTK). PTK (*Classroom Action Research*) mangrupa hiji panalungtikan tindakan (*Action Research*) anu dilakukeun di jero kelas. Panalungtikan tindakan kelas nya éta hiji panalungtikan tindakan anu dilakukeun ku guru sakaligus salaku panalungtik di kelasna atawa gawé bareng jeung anu lian (*kolaborasi*) ku jalan ngararancang, ngalaksanakeun jeung ngréfléksikeun tindakan sacara kolaboratip jeung partisipatip anu tujuanna sangkan bisa ngaronjatkeun mutu prosés pangajaran di kelas ngaliwatan hiji tindakan anu tangtu dina sababaraha siklus (Kusnandar, 2006:84). Sacara guratbadag PTK mangrupa panalungtikan tindakan anu baris nalungtik hal-hal anu aya patalina jeung pangajaran. Saluyu jeung pamadegan Ortrun Zuber-Skerritt (Syamsuddin, Spk., 2009: 248) anu nétélakeun yén métode panalungtikan anu cocog pikeun mekarkeun widang pendidikan nya éta panalungtikan tindakan.

Jadi tina pamadegan di luhur, bisa dicindekkeun yén PTK mangrupa bagéan tina panalungtikan tindakan, ieu panalungtikan mangrupa panalungtikan anu dilakukeun ku guru di jero kelas ngaliwatan réfléksi diri, kalawan tujuan pikeun ngoptimalisasikeun kinerjana salaku guru, anu ahirna hasil diajar siswa jadi ningkat. PTK dilaksanakeun ngaliwatan prosés *pengkajian berdaur*, anu ngawengku opat

tahap, nya éta ngararancang, ngalakukeun tindakan, *pengamatan*, jeung ngalakukeun réfléksi.




Gambar 3.1
Tahap-tahap PTK

Kaopat tahap di luhur mangrupa hiji siklus atawa daur, ku kituna unggal tahap bakal kaulang deui. Unggal tahap bisa ngawengku tina atawa dimimitian ku sababaraha léngkah, misalna léngkah ngararancang dimimitian ku ayana masalah anu muncul anu diidentifikasi ku guru.

Dina kagiatan diajar, bakal aya panalaahan kana dua tahap, nya éta ngararancang jeung ngalakukeun tindakan kalawan ngabagi jadi opat léngkah utama, nya éta: idéntifikasi masalah, nganalisis jeung ngarumuskeun masalah, ngararancang PTK, sarta ngalaksanakeun PTK. Kaopat léngkah ieu silih pakait, hartina léngkah kahiji kudu dilaksanakeun ti heula saméméh léngkah anu kadua dilaksanakeun, kitu saterusna. Léngkah kahiji jeung kadua mangrupa bagéan awal tina ngararancang *perbaikan*, ari léngkah katilu mangrupa prasarat pikeun léngkah kaopat. Tilu léngkah mimiti bisa dibandingkeun ku opat léngkah ti Mills (Wardhani, spk.: 2007: 2.5) nya éta: (1) ngalakukeun idéntifikasi hiji widang anu jadi puseur perhatian, (2)

ngumpulkeun data, (3) nganalisis jeung ngainterprétasikeun data, (4) ngamekarkeun rarancang tindakan.

Sabada merhatikeun tahap-tahap PTK anu aya di luhur, ahirna desain panalungtikan anu digunakeun nya éta desain panalungtikan anu nyoko kana pamadegan Arikunto (2006: 16), saperti gambar di handap



Gambar 3.2
Modél Panalungtikan Tindakan
(Arikunto, spk., 2006:16)

Keterangan Gambar:

Tahap 1: Ngararancang tindakan (*Planning*)

Dina ieu tahapan, panalungtik medar ngeunaan naon, kunaon, iraha, di mana, ku saha, jeung kumaha éta tindakan dilakukeun. Léngkah-léngkah tina tindakan anu dilakukeun sarta kudu ditedunan nya éta nyieun *skenario* pangajaran anu ngawengku léngkah-léngkah anu baris dilaksanakeun ku panalungtik (guru) jeung naon hungkul anu rék dilakukeun ku siswa ku cara nganalisis heula kurikulum atawa bahan pangajaran. Panalungtik nangtukeun fokus atawa titik kajadian anu perlu meunangkeun perhatian husus pikeun diperhatikeun, anu satuluyna nyieun hiji instrumén *pengamatan* pikeun mantuan panalungtik ngarekam pakta anu timbul salila lumangsungna panalungtikan. Salan ti éta, pamilihan stratégi pangajaran disaluyukeun jeung kapentingan panalungtikan, sangkan pelaksanaan tindakan bisa lumangsung sacara wajar, réalistik, sarta babari dikokolakeunana.

Tahap 2: Pelaksanaan Tindakan (*Acting*)

Tahap kadua tina ieu panalungtikan nya éta pelaksanaan anu mangrupa impleméntasi atawa ngalarapkeun eusi rarancang, hartina dina ieu tahapan panalungtikan baris ngalarapkeun modél CIRC dina pangajaran maca sajak anu geus dirarancang. Guru kudu inget jeung tumut kana rumusan anu geus dirarancang.

Tahap 3: Pengamatan (*Observing*)

Dina prak-prakanana, kagiatan observasi babarengan jeung tahap tindakan panalungtikan. Jadi dina tahap observasi ngawengku sakabéh kagiatan, ngarekam, jeung ngadokumentasikeun unggal kajadian atawa hal tina prosés jeung hasil anu dihontal ku tindakan anu dirarancang (Kasbollah,1998). Dina tahap observasi kagiatan inti panalungtik nya éta ngumpulkeun data ngaliwatan padoman panalungtikan atawa alat ngumpulkeun data (instrumén panalungtikan) anu geus disiapkeun saperti padoman wawancara, padoman observasi, padoman tés, jeung pakakas dokumentasi pikeun meunangkeun pamanggih jeung *masukan* salila kagiatan lumangsung sarta pikeun ngahontal tujuan anu dipiharep.

Nurutkeun Kusnandar (2008:98) aspék anu ditalungtik dina PTK nya éta: (1) prosés tindakan; (2) pangaruh tindakan (boh nu dihaja boh nu teu dihaja); (3) kaayaan jeung hambatan tindakan; (4) kumaha kaayaan jeung hal-hal anu ngahambat atawa ngagampangkeun tindakan anu dirarancang jeung pangaruhna; (e) pasualan lain anu bakal timbul salila kagiatan PTK lumangsung.

Tahap 4: Réfléksi (*Reflecting*)

Tahap anu pamungkas mangrupa kagiatan pikeun ngungkapkeun deui naon-naon anu geus dilakukeun. Istilah réfléksi aslana tina kecap basa Inggris *reflection*, mun diterjemahkeun ka basa Indonésia mah jadi *pemantulan*. Réfléksi diibaratkeun siga nangtung hareupeun eunteung pikeun nempo deui kalangkang diri. Kalawan dibantuan ku hasil analisis data, panalungtik (guru) bisa mutalaah naha hiji usaha

perbaikan bisa berhasil jeung kunaon anu séjén gagal. Ngaliwatan réfléksi, guru bakal bisa nangtukeun naon anu geus kahontal.

Kaopat tahap dina éta panalungtikan tindakan nya éta unsur pikeun ngawangun hiji siklus, hartina saputeran kagiatan anu ngaruntuy, anu balik deui ka léngkah anu mimiti. Jadi, dina sasiklus nya éta ti tahap ngararancang nepi ka réfléksi atawa évaluasi.

3.2 Setting Panalungtikan

Setting panalungtikan ngawengku lokasi panalungtikan, sumber data panalungtikan, jeung waktu pelaksanaan panalungtikan.

3.2.1 Lokasi Panalungtikan

Panalungtikan tindakan kelas ieu dilakukeun di SMP Negeri I Leuwiliang, Jl. Raya Sétu Leuwiliang Kecamatan Leuwiliang Kabupatén Bogor.

3.2.2 Subjék Panalungtikan

Subjék ieu panalungtikan nya éta siswa SMP N I Leuwiliang kelas IX-1 kalawan jumlah siswa 43 urang, anu ngawengku 20 siswa awéwé jeung 23 urang siswa lalaki.

3.2.3 Waktu Panalungtikan

Ieu panalungtikan dilakukeun dina waktu kurang leuwih sabulan nya éta bulan Januari 2011, anu ngawengku saperti dina tabel ieu di handap

Tabel 3.1 Waktu Panalungtikan

No.	Siklus	Tanggal
1	Pra-panalungtikan	13 Januari 2011
2	Siklus I	20 Januari 2011
3	Siklus II	27 Januari 2011

3.3 Wangenan Operasional

Sangkan henteu nimbulkeun salah tapsir ngeunaan istilah anu aya dina ieu panalungtikan, ku kituna ieu di handap dipedar ngeunaan wangenan operasionalna.

3.3.1 Modél CIRC

CIRC kaasup kana modél pangajaran kooperatif. Pangajaran kooperatif nyoko kana métode pangajaran di mana siswa diajar dina kelompok leutik, silih mantuan nalika diajar. Kelompok diajar anu diwangun ku opat atawa lima urang siswa kalawan kamampuh anu béda atawa hétérogén. Aya sababaraha hal anu jadi ciri has tina modél pangajaran kooperatif nya éta; *together, cooperative, working in team*. Kagiatan poko dina CIRC nya éta pikeun ngaréngsékeun hiji masalah ngaliwatan sababaraha kagiatan babarengan anu spésifik, nya éta (1) salah saurang anggota macakeun pasualan, (2) nyieun prédiksi atawa napsirkeun eusi soal, kaasup nuliskeun naon anu dipikanyaho, naon anu ditanyakeun, (3) nyieun ihtisar atawa rarancang

ngaréngsékeun masalah, (4) nuliskeun jawaban atawa solusi tina masalah kalawan sistematis, (5) silih ngarévisi jeung ngédit pagawéan.

3.3.2 Kamampuh Maca Sajak

Sajak mangrupa salah sahiji karya sastra anu kaasup kana wangun puisi, anu kauger ku sababaraha aturan *persajakan*. Eusi tina sajak bisa nyaritakeun ngeunaan kaayaan kahirupan, ajén-ajén kahirupan, atawa kaéndahan alam. Biasana eusi tina éta sajak mangrupa déskripsi diri tina naon anu dirasakeun ku panyajak. Maca sajak hartina maca hiji karya sastra anu umumna rélatip pondok, anu mana kudu merhatikeun sababaraha unsur-unsur anu aya di jerona. Kamampuh maca sajak nya éta kasanggupan ngalakukeun kagiatan maca hiji karya sastra kalawan maham kana eusi sajak anu dibacana dina waktu anu rélatip singget.

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ngawengku tés kamampuh siswa, observasi, jeung wawancara.

3.4.1 Tés Kamampuh Siswa

Téhnik tés kamampuh siswa anu digunakeun nya éta tés maca jeung tingkat pamahaman kana eusi sajak anu dilakukeun ku siswa salila prosés pangajaran lumangsung. Éta tés mangrupa prosés évaluasi anu dilaksanakeun salila lumangsungna pangajaran sangkan meunangkeun hasil diajar siswa, naha siswa bisa

ngahontal tujuan pangajaran atawa henteu, anu ahirna bakal ngahasilkeun pamadegan naon tindakan anu satuluyna. Tés anu dilakukeun nya éta tés awal jeung tés ahir.

3.4.2 Observasi

Dina ieu panalungtikan observasi diperlukeun nya éta pikeun ngagambarkeun *setting* anu disanghareupan, kagiatan-kagiatan anu lumangsung, jalma-jalma anu kalibet dina kagiatan, jeung ma'na kajadian disawang tina perspéktif maranéhna anu kalibet dina kajadian anu diperhatikeun. Sasaran tina ieu observasi nya éta prosés jeung hasil atawa akibat pangajaran anu dirancang salaku tindakan *perbaikan*. Dina kagiatan observasi, observer disadiakeun lambar observasi pikeun nyatet hasil tindakan anu bisa digunakeun pikeun bahan réfléksi atawa *masukan* pikeun tindakan satuluyna.

3.4.3 Wawancara

Dina ieu panalungtikan ogé téhnik ngumpulkeun data anu bakal dilakukeun nya éta wawancara kalawan ngagunakeun padoman wawancara. Padoman wawancara digunakeun pikeun ngingetan *interviewer* ngeunaan aspék-aspék naon wungkul nu kudu dibahas, sarta jadi daptar pikeun mariksa (*check list*) naha éta aspék-aspék nu rélevan geus dibahas atawa ditanyakeun.

3.5 Instrumén Panalungtikan

3.5.1 Lambaran Tés

Lambaran tés anu diujikeun dina ieu panalungtikan, mangrupa paréntah anu kudu dilakukeun ku siswa salila ngalaksanakeun pangajaran maca sajak.

Tés Maca sajak

- ✓ Baca sajak (maca ilo) anu tadi dibagikeun ka hidep kalawan daria jeung sosen-sosen!
- ✓ Sanggeus bérés, tuluy bacakeun (bedas) dihareupeun babaturan!
- ✓ Caritakeun deui naon eusi sajak anu dibaca make basa sorangan!

Pikeun ngukur hasil tés nyaritakeun pangalaman siswa, baris ditangtukeun format peunteun anu nangtukeun tuntas henteuna peunteun kamampuh anu dipimilik siswa boh dina tés awal boh tés ahir.

Tabél 3.2

FORMAT PEUNTEUN MACA SAJAK SISWA

Ngaran Siswa/Kelompok :

Kelas :

Sasaran	Aspék anu Diajén	Skala Bobot					Bobot
		5	4	3	2	1	
Basa	Ucapan (Artikulasi)						
	Lentong (tekanan, wirahma, randegan)						
Kedaling (éksprési)	Téhnik pidangan						
	Réngkak/peta (ékprési)						
Eusi	Ngajiwaan eusi sajak						
	Napsirkeun eusi sajak						
Jumlah Bobot							
Peunteun							

(Kosasih, 2008:89)

Keterangan:

- ✓ Bobot idéal = 30
- ✓ Skor idéal = 100
- ✓ Peunteun = $\frac{Bobot}{Bobot\ Ideal} \times Skor\ Ideal$
- ✓ Katégori peunteun dumasar KKM:

Tabel 3.3**Katégori Peunteun**

Peunteun	Katerangan
≥ 65	Tuntas
< 65	Can Tuntas

- ✓ Padoman skala peunteun:

a. Basa (artikulasi)

Bobot 5 = Maca sajak kacida jéntréna (béntés/*lantang*).

Bobot 4 = Maca sajak jéntré.

Bobot 3 = Maca sajak cukup jéntré.

Bobot 2 = Maca sajak henteu pati jéntré

Bobot 1 = Maca sajak hetu jéntré.

b. Lentong (Tekenan, Wirahma, Randegan)

Bobot 5 = Tekenan, wirahma jeung randegan kacida merenahna.

Bobot 4 = Tekenan, wirahma jeung randegan merenah.

Bobot 3 = Tekenan, wirahma jeung randegan cukup merenah.

Bobot 2 = Tekenan, wirahma jeung randegan kurang merenah.

Bobot 1 = Tekenan, wirahma jeung randegan henteu merenah.

c. Kedaling (Téhnik pidangan)

Bobot 5 = Téhnik pidangan kacida alusna.

Bobot 4 = Téhnik pidangan alus.

Bobot 3 = Téhnik pidangan cukup alus.

Bobot 2 = Téhnik pidangan kurang alus.

Bobot 1 = Téhnik pidangan henteu alus.

d. Kedaling ékprési (Réngkak/peta)

Bobot 5 = Réngkak/peta saluyu pisan jeung eusi sajak.

Bobot 4 = Réngkak/peta saluyu jeung eusi sajak.

Bobot 3 = Réngkak/peta cukup saluyu jeung eusi sajak.

Bobot 2 = Réngkak/peta kurang saluyu jeung eusi sajak.

Bobot 1 = Réngkak/peta henteu saluyu jeung eusi sajak.

e. Eusi (Ngajiwaan eusi sajak)

Bobot 5 = Katingali ngajiwaan pisan eusi sajak anu dibacana.

Bobot 4 = Katingali ngajiwaan eusi sajak anu dibacana.

Bobot 3 = Katingali cukup ngajiwaan eusi sajak anu dibacana.

Bobot 2 = Katingali kurang ngajiwaan eusi sajak anu dibacana.

Bobot 1 = Katingali henteu ngajiwaan eusi sajak anu dibacana.

f. Eusi (Napsirkeun eusi sajak)

Bobot 5 = Napsirkeun eusi sajakna keuna pisan.

Bobot 4 = Napsirkeun eusi sajakna keuna.

Bobot 3 = Napsirkeun eusi sajakna cukup keuna.

Bobot 2 = Napsirkeun eusi sajakna kurang keuna.

Bobot 1 = Napsirkeun eusi sajakna henteu keuna.

3.5.2 Lambaran Observasi

Ayana lambaran observasi nya éta sangkan panalungtik bisa ngalakukeun *pengamatan* saluyu jeung tujuan panalungtikan. Lambaran observasi disusun dumasar kana kalakuan siswa jeung guru salila prosés pangajaran, sarta pangaruhna anu ditimbulkeun kana prosés jeung hasil diajar.

Popper (dina Hopkins, 1993 dina Wiriaatmadja, 2007:104), nétélakeun yén observasi nya éta tindakan anu mangrupa tafsiran tina téori. Tapi observasi dina ieu panalungtikan béda jeung pamadegan Popper. Observasi ieu dilakukeun pikeun niténan aktivitas guru jeung siswa dina kagiatan kelompok atawa individu salila prosés diajar lumangsung (tiasa ditingali dina lampiran).

3.5.3 Lambaran Wawancara

Lambaran atawa padoman wawancara digunakeun sangkan wawancara anu dilakukeun teu nyalahan tina tujuan panalungtikan. Ieu padoman disusun teu ngan

saukur dumasar kana tujuan panalungtikan, tapi ogé dumasar kana tiori anu pakait jeung masalah anu ditalungtik. Anu baris ditanyakeun nya éta:

Format Wawancara

Idéntitas narasumber:

Wasta :

Kelas :

- 1) Kumaha sikep hidep kana pangajaran basa Sunda?
- 2) Sajauh mana hidep resep kana maca sajak?
- 3) Naon anu jadi kahéngkérangan (hal-hal anu hésé) anu dirasakeun hidep nalika maca sajak?
- 4) Kumaha karasana diajar maca sajak saméméh dibagi kelompok jeung sabada dibagi kelompok, aya parobahan teu?

3.6 Analisis Data

Dina unggal siklus dilakukeun analisis data, nya éta salaku bahan réfléksi pikeun pelaksanaan siklus satuluyna. Prosés analisis data dibagi jadi sababaraha tahapan, di antarana:

- 1) panalungtik nganalisis data sabada kabéh data kakumpul tina alat ngumpulkeun data, anu satuluyna éta data dipasing-pasing dumasar kana fokus masalahna;
- 2) prosés anu satuluyna nya éta napsirkeun sarta ngarobah data anu geus kakumpul jeung dipasing-pasing jadi wangun *pernyataan*;
- 3) nganalisis data hasil tés pangajaran maca sajak siswa diunggal tindakan, pikeun mikanyaho geus nepi sajuh mana prosés panalungtikan. Kriteria

ketuntasan minimal (KKM) pelajaran basa Sunda di SMP N I Leuwiliang nya éta 65. Siswa anu geus meunang peunteun ≥ 65 geus bisa disebut tuntas atawa nyumponan kana KKM, sedengkeun siswa can tuntas nya éta siswa anu meunang peunteun kurang ti 65 (<65). Sangkan leuwih jéntré bisa dititénan dina tabel 3.3;

- 4) ngalakukeun analisis kana hasil obervasi kagiatan guru jeung kagiatan siswa ku cara ngitung unggal présentasi tiap katégori dina unggal tindakan anu dilakukeun ku panalungtik jeung ngitung présentase ti observer;
- 5) nyieun kacindekan ngeunaan ningkat-henteuna hasil pangajaran anu geus dilaksanakeun dumasar kana hasil observasi, anu satuluyna disaluyukeun jeung tujuan panalungtikan anu diinterpretasikeun dina kalimah pernyataan.

3.7 Prosedur Panalungtikan

Prosedur ieu panalungtikan ngawengku sababaraha kagiatan anu dilaksanakeun salila panalungtikan ti awal nepi ka ahir, di antarana:

- 1) ngalakukeun *pendekatan* ka pihak sakola ngeunaan panalungtikan anu baris dilaksanakeun sarta ngalakukeun sosialisasi panalungtikan ka guru pikeun mantuan panalungtik salaku observer;
- 2) ngalakukeun observasi ka siswa dina pangajaran basa Sunda hususna maca sajak kalawan ngagunakeun métode konvensional pikeun meunangkeun gambaran awal ngeunaan kondisi siswa anu ngawengku aspék inteléktual, émosi, jeung pamahaman kecap sarta kalimah bacaan;

- 3) réfléksi awal tina pangajaran maca sajak anu geus diajarkeun;
- 4) ngaidéntifikasi pasualan dina prak-prakan pangajaran maca sajak anu ngabalukarkeun munculna pasualan anu karandapan ku siswa dina pangajaran maca sajak, saperti halna kapaluruh modél pangajaran anu kurang éféktif;
- 5) nyusun rarancang jeung netepkeun modél anu baris digunakeun nalika panalungtikan lumangsung;
- 6) nyusun jeung netepkeun métode *téknik pemantauan* (observasi) dina unggal tahapan panalungtikan kalawan ngagunakeun alat format observasi;
- 7) netepkeun jumlah siklus salila pelaksanaan PTK, nya éta dua siklus;
- 8) nyusun Rencana Pelaksanaan Pangajaran (RPP), anu ngawéngku: indikator, tujuan pangajaran, skénario pangajaran, alokasi waktu, métode, alat jeung bahan, jeung évaluasi kaasup tés;
- 9) sabada meunangkeun kondisi awal siswa ngeunaan prosés pangajaran maca sajak kalawan ngagunakeun métode konvensional, ahirna dilakukeun tindakan kelas tahap ka-1. Pangajaran dimimitian ku ngabagi siswa jadi sababaraha kelompok kalawan jumlah anu sarua, sarta ngabagikeun téks sajak anu saterusna dibaca ku siswa;
- 10) ngalakukeun observasi prosés pangajaran maca sajak ku panalungtik jeung tim (observer). Sasaran observasi nya éta pikeun merhatikeun kamajuan maca sajak siswa, tingkat inteléktual, émosi, jeung pamahaman siswa;

- 11) ngayakeun évaluasi kana runtuyan prosés pangajaran anu diteruskeun ku analisis data anu aya dumasar kana format observasi. Tujuanna pikeun apal sa jauh mana éféktivitas prosés pangajaran sarta pamakéan modél pangajaran CIRC;
- 12) réfléksi tindakan siklus I, anu hasilna digunakeun salaku patokan dina nangtukeun *perbaikan* tindakan dina siklus II;
- 13) prak-prakan tindakan siklus II;
- 14) réfléksi tindakan siklus II, anu hasilna digunakeun salaku kacindekan panalungtikan.

